



Etid Fonksyon Plakèt yo

Kisa etid fonksyon plakèt yo ye?

- Plakèt yo se yon pati enpòtan nan defans kò a kont zafè senyen an. Gen kèk moun k ap plede senyen yon fason ki pa nòmal (yo senyen pi plis oswa pi souvan) paske plakèt yo pa fonksyone byen.
- Etid fonksyon plakèt yo se yon seri tès san ki ede nou konprann kijan plakèt ou yo reyaji nan diferan kondisyon epi petèt menm rive idantifye si plakèt ou yo pa fonksyone nòmalman.
- Ka gen rezon eritidè oswa rezon jenetik ki fè plakèt yo pa fonksyone byen. Men tou, gen lòt kòz, tankou medikaman oswa lòt maladi ki ka afekte plakèt yo ak fonksyon yo.
- Epitou, yo ka rele tès fonksyon plakèt yo "tès agregasyon plakèt, agregometri plakèt pa transmisyon limyè (Light-Transmission Aggregometry, LTA) oswa agregometri avèk limyè (lumi-aggregometry, lumi-aggs).



Kijan pou mwen pran randevou pou etid fonksyon plakèt yo?

- Premyèman, ekip ematoloji ou a pral mande ekip laboratwa Kowagilasyon Espesyal la ki dat ki disponib pou tès la.
- Apresa, yon manm nan ekip ematoloji a ap rele w. L ap mande w chwazi dat ki pi bon pou ou a. Lè w fin chwazi dat tès la, ekip ematoloji a ap ede w pwograme yon vizit pou yo ka pran san w (flebotomi) kòm yon pasyan ki pa entènè nan Boston Children's Hospital.
- **Vizit pou pran san yo dwe fèt nan Boston Children's Main Campus (300 Longwood) nan bilding Fegan, 1ye etaj, Laboratwa Flebotomi pou Pasyan ki pa Entènè yo (Outpatient Phlebotomy Lab).**
- Yo dwe fikse randevou pou pran san yo a 10è AM oswa anvan 10è AM nan lide pou asire echantiyon san an rive nan laboratwa a alè, sinon tès la p ap fèt.
- Pou tès fonksyon plakèt yo, yo dwe trete echantiyon san an imedyatman apre yo fin pran l nan moun lan. Si w ale nan yon lòt laboratwa oswa si w rive apre 10è AM pou pran san an, tès la p ap ka fèt epi w ap bezwen rebran yon randevou.



Fèy Edikasyon Pasyan Ak Fanmi – Etid Fonksyon Plakèt yo

Kisa mwen ta dwe fè pou prepare pou yon etid fonksyon plakèt?

- Bwè anpil likid. Tanpri, byen idrate kò w epi vini ba nou pran san w.
- Li pa yon pwoblèm pou w manje anvan nou pran san an, men evite manje ki gen anpil grès yo nan maten anvan nou pran san an.

Medikaman ak sipleman san preskripsyon pou w evite (pa pran) pandan omwen 5 jou anvan tè s la:

- Medikaman anti-anflamasyon ki pa estewoyid yo (nonsteroidal anti-inflammatory drugs, NSAIDs): ibuprofen (ibipwofèn) (mak tankou Motrin, Advil), naproxen (napwoksèn) (mak tankou Aleve, Naprosyn), aspirin, Excedrin (eksedren), indomethacin (endometasin), Pepto-bismol (Bismuth Subsalicylate)
- Sipleman ki gen lay, zonyon, jenjanm, luil pwason, vitamin C ak vitamin E, epi kafeyin. *Ou ka toujou manje manje ki gen engredyan sa yo ladan yo.*



Gen kèk medikaman ki ka nwi tè s fonksyon plakèt yo, men li ka pa bon pou ou si w sispann pran yo anvan tè s la. Tanpri, verifye tout medikaman ou yo ansanm avèk ematològ ou a. Pa sispann pran okenn medikaman san w pa pale ak ematològ ou a dabò.

- Medikaman pou kè: blokè β (pwopranolol (propranolol)), vasodilatè (nitwoprisid (nitroprusside), nitwogliserin (nitroglycerin)), diyiretik (fiwosemid (furosemide)), blokè kanal kalsyòm yo
- Antimikwobyen: β -laktamin (penicillin, cephalosporins), anfoterisin (antifonjik), idwoksiklowokin (antimalarya), nitwofirantoyin
- Inibitè Rekaptasyon Sewotonin Selektif yo (Selective Serotonin Reuptake inhibitors, SSRI), antidepresè trisiklik ak fenotiyazin



Sit Entènèt ki Itil ak Resous Edikatif yo

Boston Bleeding Disorders Center www.childrenshospital.org/programs/boston-bleeding-disorders-center

National Bleeding Disorders Foundation www.hemophilia.org

New England Hemophilia Association www.newenglandhemophilia.org

World Foundation of Hemophilia www.wfh.org

HemAware www.hemaware.org



Pediatric Bleeding Disorders Program

300 Longwood Ave., Fegan 6, Boston, MA

Telefòn: (617) 355-6101 | Faks: (617) 730-0641